

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa gambaran panalungtikan anu dilaksanakeun pikeun maluruh data panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén anu henteu ngagunakeun kelas kontrol. Desain anu digunakeun nyaéta *Pre-Experimental Design*. Sugiyono (2016, kc. 75) nétélakeun yén desain *Pre-Experimental* teu kaasup kana ékspérimén anu bener, sabab masih aya variabel anu kapangaruhan variabel séjén.

Desain nu dipake pikeun panalungtikan nyaéta *One-Grup Pretest-Posttest Design*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali ku cara tés nyaéta saméméh ékspérimén (*Pre-test*), jeung sanggeus ékspérimén (*Post-test*). *Pre-test* pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina ngadongéng. Sabada éta, dibéré perlakuan (*Treatment*) kumaha larapna média Wayang Golék Fabel pikeun ngaronjtakeun kamampuh ngadongéng. Gambaran tina desain panalungtikan saperti ieu di handap.

**Tabél 3. 1**  
Desain Panalungtikan

$O_1$	$X$	$O_2$
-------	-----	-------

(Sugiyono, 2016, kc. 74)

Keterangan:

$O_1$  = kamampuh ngadongéng saméméh ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel

$X$  = pangajaran ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel

$O_2$  = Kamampuh ngadongéng sanggeus ngagunakeun Wayang Golék Fabel

### 3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 11 Depok anu aya di Jl. Murbai Komp. Sukatani Permai, Tapos Kota Depok, Jawa Barat. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII-7 SMPN 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021 anu jumlahna 25 siswa nu ngawengku, 10 urang lalaki, jeung 15 urang awéwé.

Malik Fajar, 2021

WAYANG GOLÉK FABEL PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGADONGÉNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikanna nyaéta tés kalawan ngagunakeun téknik tés ngadongéng jeung wawancara. Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 102) instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat pikeun ngukur rupa-rupa kajadian anu ditalungtik sacara spésifik disebut variabel panalungtikan.

#### a. Tés

Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nyaéta tés. Ieu tés sipatna aplikatif (penerapan) anu nungtut nerapkeun pangaweruh tioritis atawa kana kagiatan anu praktis tur konkrét pikeun ngumpulkeun data ngeunaan pangaruh média wayang golék fabel dina pangajaran ngadongéng. Instrumén dina ieu panalungtikan dijéntrékeun ieu di handap.

#### Instrumén *Pre-test* jeung *Post-test*

**Tabél 3. 2**  
Instrumén Tés Ngadongéng

<p><b>Paréntah:</b> Pék pilih salasahiji dongéng ieu di handap. Tuluy dongéngkeun ku hidep</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyet Ngala Cabé</li> <li>2. Sireum jeung Gajah</li> <li>3. Sakadang Maung Jeung Landak</li> <li>4. Sakadang Peucang Jeung Sakadang Buaya</li> <li>5. Sakadang Gagak Jeung Sakadang Anjing Maling Génggéng</li> <li>6. Milih dongéng carita fabel séjénna anu hidep apal</li> </ol> <p>Jieun dina wangun video jeung kirim ka link Google form di handap.</p>
--

#### b. Wawancara

Wawancara dina ieu panalungtikan miboga fungsi pikeun meunangkeun informasi ngeunaan wayang golék fabel ka narasumber, museurkeun tujuan nu rék dihontal. Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan nyaéta sajumlahing pananya ieu di handap.

**Tabél 3. 3**  
Biodata Indorman jeung Daptar Patalékan

Instrumén I :

No	Biodata Informan
1.	Waktu Wawancara
2.	Wasta
3.	Yuswa

Malik Fajar, 2021

WAYANG GOLÉK FABEL PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGADONGÉNG  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4.	Jenis Kelamin	
5.	Atikan	
6.	Pakasaban	
7.	Kalungguhan	
8.	Padumukan	

## Instrumén II


No	Daptar Patalékan	
1.	Asal-muasal ayana wayang golék fabel	1) Kumaha caritana wayang golék fabel ngadeg? 2) Naon sababna disebut wayang golék fabel 3) Ti iraha wayang golék fabel dipikawanoh di kota Depok?
2.	Kamekaran wayang golék fabel	4) Iraha mimiti wayang golék fabel magelarkeun karyana? 5) Taun sabaraha wayang golék fabel mulai kasohor di Depok?
3.	Alat, bahan, jeung jumlah nayaga dina wayang golék fabel	6) Naon waé jenis sasatoan nu aya jeung nu dipaké dina wayang golék fabel? 7) Kumaha dangdanan nu ilahar dipaké nalika mintonkeun wayang golék fabel? 8) Sabaraha nayaga anu kalibet dina wayang golék fabel? 9) Waditra naon waé nu digunakeun dina wayang golék fabel
4.	Prak-prakan pagelaran wayang golék fabel	10) Kumaha prak-prakan wayang oék fabel? 11) Iraha jeung dimana wayang golék fabel dipintonkeun? 12) Lalaguan anu dipaké dina wayang golék fabel? 13) Saha waé nu jadi sasaran dina wayang golék fabel? 14) Aya kapentingan naon ku ayana wayang golék fabel di masarakat? 15) Naon bédana kasenian wayang golék fabel jeung wayang golék nu geus ilahar jeung turun tumurun ayana? 16) Naon fungsi wayang golék fabel pikeun palaku seni jeung masarakat?
5.	Layang Pangajén	17) Naha wayang golék fabel kungsi meunang layang pangajén? Naon waé?
6.	Tarékah	18) Aya tarékah ti pamaréntah teu ku ayana wayang golék fabel di Depok? 19) Kumaha éksisténsi wayang golék fabel ayeuna? 20) Naon waé bangbaluh atawa pasualan dina ayana wayang golék fabel?

### 3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun ku panalungtik dina panalungtikan. Prosedur/alur dina ieu panalungtikan nu dimaksud téh ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtik dina métode kuasi ékspérimén kana

média wayang golék fabel pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng. Sawatara tahapan kagiatan baris didadarkeun ieu di handap.

### 3.4.1 Tahap Tatahar




**Bagan 3. 1**  
Tahap Tatahar

Tahap tatahar anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, diantarana:

- 1) Néangan masalah guru basa sunda di sakola jeung mikanyaho kondisi jeung masalah anu karandapan dina prosés pangajaran,
- 2) Ngajukeun judul panalungtikan, nyusun rumusan masalah jeung idéntifikasi masalah luyu kana pasualan anu karandapan,
- 3) Studi Pustaka téh néangan tiori-tiori nu patali jeung objék panalungtikan, nyieun hipotésis pikeun dugaan sementara,
- 4) Nyusun jeung ngajukeun proposal jeung ngurus surat ijin ngalaksanakeun panalungtikan,
- 5) Ngararancang alur panalungtikan,
- 6) Nyusun instrumén boh média pikeun siswa jeung instrument tés keur siswa pikeun panalungtikan di sakola SMPN 11 Depok,
- 7) Nguji instrumén ka ahli (Dosen Pembimbing jeung guru) pikeun aya panilaian awal saacan nguji média ka siswa.

### 3.4.2 Tahap Prak-Prakan



**Bagan 3. 2**  
Tahap Prak-Prakan

Tahap prak-prakan ngagambarkeun alur kagiatan larapna média wayang golék fabel ka siswa, diantarana:

- 1) Saméméh (*Pre-test*) ngagunakeun média wayang golék fabel siswa dibéré pancén pikeun ngadongéng. Ieu mangrupa kamampuh awal siswa dina ngadongéng saacan ngagunakeun média wayang golék fabel,
- 2) Sanggeus mikanyaho kamampuh awal siswa, panalungtik méré perlakuan ngagunakeun média wayang golék fabel,
- 3) Satuluyna dibéré perlakuan, panalungtik ngayakeun *Post-test* ka siswa pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna kamampuh ngadongéng siswa sanggeus dibéré perlakuan ngagunakeun média wayang golék fabel,
- 4) Analisis data nyaéta niténan data nu geus dikumpulkeun tina *Pre-test* jeung *Post-test*,

- 5) Data dipasing-pasing dumasar *Pre-test* jeung *Post-test* dipariksa jeung diasupkeun kana format meunteun,
- 6) Méré peunteun luyu dumasar kana kategori penilaianna,
- 7) Ngasupkeun data nu geus dipeunteun jeung ngabadingkeun hasil tina *Pre-test* jeung *Post-test*,
- 8) Nyindekkeun hasil panalungtikan, tuly data disusun dina wangun laporan skripsi.

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

#### a. Tés

Tés minangka alat ukur pikeun mikanyaho éféktifitas média wayang golék fabel, kalawan instrumén tés kamampuh ngadongéng. Léngkah- léngkah nu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data, diantarana:

- 1) Siswa dibéré pancén ngadongéng anu mangrupa *Pre-test*. Ieu pancén pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh dibéré *treatment* ngagunakeun média wayang golék fabel.
- 2) Sabada dibéré perlakuan, siswa dibéré pancén ngadongéng anu mangrupa *Post-test*. Ieu pancén pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada dibéré perlakuan ngagunakeun média wayang golék fabel.

#### b. Wawancara

Wawancara minangka métode ngumpulkeun data ti narasumber, dina ieu panalungtikan data nu di maksud nyaéta informasi ngeunaan wayang golék fabel di Depok. Ngumpulkeun data ngaliwatan kagiatan tanya jawab ka penggagas wayang golék fabel di Depok. Sumber anu dijadikeun data pikeun ngalengkepan kajian tiori.

### 3.6 Analisis Data

#### 3.6.1 Téhnik Analisis Data

Léngkah-léngkah nganalisis data dina ieu panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

**a. Mariksa hasil Ngadongéng *Pre-test* jeung *Post-test***

Dina mariksa hasil ngadongéng siswa, kudu aya pedoman pikeun tatapakan méré peunteun. Aspék anu dijadikeun tatapakan pikeun meunteun hasil ngadongéng siswa nyaéta aspék lenting, lafal, pamahaman eusi, éksprési jeung gestur. Ieu aspék dijadikeun pedoman peunteun hasil ngadongéng *Pre-test* jeung *Post-test*.

**Tabél 3. 4**  
Kritéria Méré Skor Tés Ngadongéng

No.	Aspék Penilaian	Skala	Katégori	Indikator
	Lentong	1	Kurang Pisan	Lentong teu béntés tur merenah
		2	Kurang	Lentong kurang béntés tur kurang merenah
		3	Sedeng	Aya lentong nu rada kurang béntés tur kurang merenah
		4	Hadé	Lentong béntés rada alus, teu loba mengpar, méh sampurna
		5	Hadé Pisan	Lentongna alus sampurna
	Lafal	1	Kurang Pisan	Loba kasalahan
		2	Kurang	Loba lafal anu kurang merenah
		3	Sedeng	Kasalahan dina lafal rada sering
		4	Hadé	Lafalna alus, teu loba méngpar, meh sampurna
		5	Hadé Pisan	Lafal unggal sora beresih, jelas, sampurna
	Pamahaman Eusi	1	Kurang Pisan	Teu maham kana eusi dongéng, henteu ngaguluyur
		2	Kurang	Kurang maham kana eusi dongéng, kurang ngaguluyur
		3	Sedeng	Maham eusi carita, kalawan ngaguluyur sok sanaos masih aya nu kurang merenah
		4	Hadé	Maham kana eusi dongéng, ngadeukeutan sampurna
		5	Hadé Pisan	Maham pisan kana eusi dongéng, sampurna
	Éksprési	1	Kurang Pisan	Sikepna kaku, henteu éksprésif, henteu tenang jeung grogi
		2	Kurang	Sikep kurang éksprésif, kurang tenang, jeung grogi
		3	Sedeng	Cukup éksprésif, rada tenang, jeung heunteu grogi
		4	Hadé	Bisa Éksprésif, ngadeukeutan sampurna, tenang, henteu grogi
		5	Hadé Pisan	Éksprésif pisan
	Gestur	1	Kurang Pisan	Gestur teu merenah
		2	Kurang	Loba gestur awak kurang merenah
		3	Sedeng	Aya saeutik gestur awak rada merenah
		4	Hadé	Merenah gestur awak teu kaleuleuwihi
		5	Hadé Pisan	Gesturna alus pisan

### b. Méré Peunteun Kana Hasil Ngadongéng Siswa, Pikeun Nangtukeun Skor Ahir

Kritéria meunteun kamampuh ngadongéng siswa. Pikeun méré peunteun kana hasil ngadongéng siswa. Dina nangtukeun skor ahir ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$\frac{\text{Jumlah Skor}}{\text{Jumlah Skor Maksimum}} \times 100 =$$

**Gambar 3. 1** Rumusan Meunteun

Keterangan:

- A = lentong
- B = lafal
- C = pamahaman eusi
- D = ékspresi
- E = gestur

Pikeun ngukur kamampuh ahir siswa diayakeun rentang katégori penilaian. Rentang penilaian dijadikeun acuan hasil peunteun siswa aya dina rentang katégori kurang pisan, kurang, sedeng, hadé, atawa hadé pisan. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap rentang nilai kamampuh siswa.

**Tabél 3. 5**  
Katégori Penilaian

Katégori Penilaian	
0-25	Kurang Pisan
26-40	Kurang
41-60	Sedeng
61-80	Hadé
81-100	Hadé Pisan

### c. Tabulasi Data

Peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3. 6**  
Tabulasi Nilai Tés Ngadongéng Siswa

No.	Siswa (No.Absen)	Kamampuh Ngadongéng							Katégori
		A	B	C	D	E	Σ	P	
1.									
2.									

Malik Fajar, 2021

WAYANG GOLÉK FABEL PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGADONGÉNG  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



...									
$\Sigma$									
Rata-rata									

Keterangan:

A = Lafal

B = Lentong

C = Pamahaman Eusi

D = Éksprési

E = Gestur

$\Sigma$  = Jumlah

P = Peunteun

#### d. Analisis Kamampuh Ngadongéng Saméméh jeung Sabada Ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel

Minangka hasil analisis *Pre-test* kamampuh ngadongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média wayang golék fabel. Dumasar kana aspékaspek anu dipeuteun, hasil kamampuh ngadongéng siswa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

**Tabél 3. 7**

Tabél Kamampuh Ngadongéng Siswa Saméméh jeung Sabada Ngagunakeun Média Wayanag Golék Fabel

No.	<i>Pre-test</i>							<i>Post-tets</i>						
	A	B	C	D	E	$\Sigma$	P	A	B	C	D	E	$\Sigma$	P
1.														
2.														
...														
$\Sigma$														
P														

Keterangan:

A = Lafal

B = Lentong

C = Pamahaman Eusi

D = Éksprési

E = Gesture

$\Sigma$  = Jumlah

P = Peunteun

### 3.6.2 Uji Sipat Data

Ieu panalungtikan baris dianalisis ngagunakeun program *SPSS PASW Versi 18*. Uji sipat data anu digunakeun pikeun nangtukeun uji statistika paramétik atawa non paramétrik. Nguji sipat data dilaksanakeun ngaliwatan dua cara nyaéta uji normalitas jeung uji hipotésis.

Malik Fajar, 2021

WAYANG GOLÉK FABEL PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGADONGÉNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Data anu alus jeung layak pikeun digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat normal atawa teu normal bisa ngagunakeun uji *Shapiro Wilk*. Pikeun nguji hipotésis normalitas data dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

$H_0$  = data miboga distribusi normal

$H_1$  = data miboga distribusi henteu normal

Uji normalitas dilaksanakeun ku cara uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 95% ( $\alpha=0,05$ ). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, lamun nilai sign (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_1$  ditolak, lamun nilai sign (signifikansi)  $\leq 0,05$

### 3.6.2.2 Uji Hipotésis

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 64) hipotésis nyaéta hiji jawaban anu sipatna saheulaanan ngeunaan pasualan-pasualan nu aya dina panalungtikan, nepi ka aya bukti ngaliwatan data nu geus dikumpulkeun. Hipotésis panalungtikan kudu dirumuskeun sacara singget tur jéntré, nunjukeun ayana hubungan antara dua atawa leuwih variabel jeung dirojong ku tiori-tiori nu ditétélakeun ku para ahli atawa hasil panalungtikan anu relevan.

Uji hipotésis dilaksanakeun ngagunakeun statistic paramétrik, saupama data distribusi normal. Kitu deui upama ngagunakeun statistic non-paramétrik, saupama data miboga distribusi anu henteu normal. Dina ieu panalungtikan uji hipotésis dilaksanakeun ngagunakeun *t-tes program SPSS PASW Versi 18*. Acuan anu dijadikeun dasar kaputusan *t-tes* nyaéta nilai *signifikansi (sign)*. Léngkaj mimiti nu kudu dilakukeun dina *t-tes program SPSS PASW Versi 18* nyaéta nangtukeun hipotésis saperti ieu di handap.

- a.  $H_0$  (Hipotesis nol) = teu aya bédana anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas 7.7 di SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021 saméméh jeung sabada larapna média wayang golék fabel.
- b.  $H_1$  (Hipotesis alternatif) = aya bédana anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas 7.7 SMP Negeri 11 Depok taun ajaran 2020-2021 saméméh jeung sabada larapna média wayang golék fabel.

Dumasar kana hipotesis di luhur, kritéria ngujina saperti ieu di handap.

- $H_0$  ditarima atawa  $H_1$  ditolak. Upama nilai sign (signifikansi)  $\geq 0,05$
- $H_1$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak, upama nilai sign (signifikansi)  $\leq 0,05$